Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

SIPÒTE SEKOURIS YO: GOUVÈNÈ HOCHUL BAY 25 MILYON DOLA NAN FON KAPITAL POU 65 DEPATMAN PONPYE VOLONTÈ

Dis depatman ponpye volontè resevwa prim maksimòm 1 milyon dola

Pwogram sibvansyon V-FIRE a ede amelyore enstalasyon yo, kapasite repons yo ak sekirite sekouris yo

Pwogram lan baze sou efò Gouvènè a ap fè pou ranfòse ak estabilize sèvis ponpye volontè Nouyòk yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 25 milyon dola nan finansman kapital pou 65 depatman ponpye volontè ak distri atravè Eta Nouyòk pou amelyore enstalasyon yo, kapasite repons yo ak preparasyon pou ijans yo. Dis depatman te resevwa prim maksimòm 1 milyon dola. Envestisman sa yo ajoute sou 25 milyon dola yo te deja bay 88 depatman ponpye volontè an oktòb 2024 la. Avèk prèske mwatye nan Nouyòkè yo ki konte sou ponpye volontè pou pwoteksyon kont ensandi ak repons ijans, pwogram sibvansyon sa a ede konpanse presyon finansye ogmantasyon pri ekipman ak konstriksyon, sa ki asire kontribyab lokal yo pa peye tout pri amelyorasyon sekirite esansyèl sa yo.

Gouvènè Hochul rekonèt wòl enpòtan ponpye volontè yo nan kominote atravè eta a, li te priyorize ranfòsman ak estabilizasyon sèvis ponpye volontè Nouyòk yo atravè envestisman rekò nan fòmasyon, ekipman ak amelyorasyon enstalasyon yo.

"Ponpye volontè nou yo reponn a apèl la lajounen kou lannwit, pou kenbe kominote Nouyòk yo an sekirite atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou envesti 25 milyon dola anplis nan sibvansyon V-FIRE pou ponpye volontè yo, n ap asire ke ewo lokal nou yo ekipe ak enstalasyon modèn, ekipman avanse ak zouti yo bezwen pou yo reponn byen vit e an sekirite lè yo resevwa apèl la."

Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti ak Ekipman Repons pou Ponpye Volontè (Fire Infrastructure & Response Equipment, V-FIRE), ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) yo nan Eta a ap administre sipòte depatman ponpye volontè yo lè l modènize ak amelyore enstalasyon yo ak kapasite yo pou entèvni atravè objektif anba yo:

- **Amelyorasyon Enstalasyon yo:** Finanse konstriksyon nouvo kazèn ponpye, salklas, espas reyinyon, oswa sant fòmasyon, oswa renovasyon kazèn ki deja egziste pou asire yo an sekirite, solid estriktirèlman, konfòm ak kòd konstriksyon aktyèl yo, epi ankouraje pratik san danje pou konbat difè.
- **Acha Ekipman:** Sipòte sante, sekirite, ak byennèt ponpye yo lè nou bay ekipman pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) modèn, machin pou lave ak seche PPE, ekipman ak founiti pou dekontaminasyon, ak sistèm efikas pou retire gaz echapman.

Anplis de sa, sibvansyon V-FIRE yo sipòte konsolidasyon resous sèvis ponpye yo atravè efò rejyonalizasyon, sa ki pèmèt depatman yo elaji kapasite yo pi lwen pase limit jiridiksyon tradisyonèl yo pou amelyore repons èd mityèl lokal, konte, ak nan tout eta a.

Dis depatman ponpye volontè te resevwa prim maksimòm 1,000,000 dola pou gwo renovasyon kapital atravè faz finansman sibvansyon sa a:

- Distri Ponpye Sennett, Konte Cayuga
- Kòporasyon Ponpye Volontè Volney, Konte Oswego
- Asosyasyon Ponpye Volontè Farmington, Inc., Konte Ontario
- Vilaj Tivoli, Konte Dutchess
- Depatman Ponpye Vilaj Richfield Springs, Konte Otsego
- Distri Ponpye West Edmeston, Konte Otsego
- Distri Ponpye Adams Center, Konte Jefferson
- Distri Ponpye Port Henry #3, Konte Essex
- Konpayi Ponpye Volontè Coventry, Inc., Konte Chenango
- Depatman Ponpye Vilaj Angola, Konte Erie

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta Nouyòk (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services) la, Terry O'Leary, te deklare, "Sèvis ponpye volontè a jwe yon wòl enpòtan nan kominote yo toupatou nan eta nou an epi Nouyòk se yon kote ki pi an sekirite gras sèvis kontinyèl yo a. Gouvènè Hochul te bay priyorite pou sipòte ponpye volontè nou yo atravè envestisman rekò nan fòmasyon, ekipman ak enstalasyon — epi nou rete angaje pou asire sèvis ponpye volontè Nouyòk la rete solid, rezistan, epi pare pou reponn ak nenpòt ijans."

Prezidan Asosyasyon Kowòdinatè Ponpye Konte Eta Nouyòk la, Bill Streicher, te deklare, "Pwogram Sibvansyon V-FIRE Nouyòk la se yon envestisman enpòtan nan gason ak fanm ki dedye tan yo pou pwoteje kominote yo atravè eta nou an. Ponpye volontè yo se fondasyon sekirite piblik la, sitou nan kominote riral yo. Asire ke depatman devwe sa yo gen ekipman, enstalasyon ak resous yo bezwen yo se pa sèlman yon envestisman nan depatman ponpye nou yo — se yon envestisman nan sekirite ak byennèt Nouyòkè yo."

Pi gwo priyorite Gouvènè Hochul se kenbe sekirite Nouyòkè yo, epi ponpye volontè yo jwe yon wòl enpòtan nan mentni sekirite kominote yo atravè eta a. Ponpye volontè yo sèvi apeprè nèf milyon Nouyòkè, prèske mwatye nan popilasyon Eta a. Nan dènye ane yo, sepandan, plis pase 75 pousan nan depatman sa yo rapòte yon diminisyon nan

kantite moun ki vle sèvi kòm volontè ak sèvi. Mankman sa a vin pi grav toujou akòz ogmantasyon nan responsablite operasyonèl yo ki depase pwoteksyon kont difè sèlman, enkli aksidan veyikil, ijans medikal, devèsman materyèl danjere, ak operasyon sekou ki gen rapò ak move tan. An menm tan, apèl pou sèvis yo te ogmante 29 pousan soti 1997 rive 2020.

Anplis sipòte bezwen kapital depatman ponpye volontè yo, Gouvènè Hochul te chèche ranfòse ak estabilize sèvis ponpye volontè eta a lè li adrese defi rekritman, retansyon ak operasyonèl nan sèvis ponpye volontè a. Gouvènè Hochul te deja siyen yon lwa istorik ki pèmèt gouvènman lokal yo ofri jiska 10 pousan egzanpsyon taks sou pwopriyete pou premye sekouris volontè yo, li te adopte yon pwogram sibvansyon fòmasyon leta ki premye nan kalite li pou konpanse volontè yo finansyèman pou yo konplete kou debaz yo, ak plis pase 5,500 ponpye ki konplete fòmasyon depi li te aplike, epi li te siyen yon lwa ki pèmèt depatman volontè yo voye bòdwo bay founisè asirans yo pou sèvis medikal ijans (Emergency Medical Services, EMS) pou kreye nouvo sous revni vital.

Pwoteje sante ak sekirite alontèm premye sekouris Nouyòk yo se yon poto mitan administrasyon Gouvènè Hochul la, patikilyèman nan lit kont kansè okipasyonèl. Gouvènè a te toujou defann Pwogram Benefis Kansè pou Ponpye Volontè NYS la, ki bay benefis enpòtan pou andikap ak lanmò pou ponpye volontè ki dyagnostike ak kansè. Lè eta a mete ekipman pwogram V-FIRE a an plas pou finanse sistèm avanse pou retire gaz echapman ak machin espesyalize pou lave epi dekontaminasyon PPE, li ap travay aktivman pou diminye ekspozisyon a eleman kanserijèn epi anpeche kansè anvan li kòmanse.

Men yon detay sou benefisyè prim yo pa rejyon:

Rejyon Kapital la (8 prim ki totalize 2,295,926 dola)

- Distri Ponpye Beukendaal No 5, Konte Schenectady, 934,698 dola
- Distri Ponpye East Schodack #1, Konte Rensselaer, 383,000 dola
- Lebanon Valley Protective Association, Inc., Konte Columbia, 96,554 dola
- Distri Ponpye Speigletown, Konte Rensselaer, 318,957 dola
- Distri Ponpye Stuyvesant Falls, Konte Columbia, 58,000 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Cambridge, Konte Washington, 314,848 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Catskill, Konte Greene, 90,669 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Menands, Konte Albany, 99,200 dola

Nouyòk Santral (8 prim ki totalize 3,825,749 dola)

- Depatman Ponpye Volontè Fair Haven, Konte Cayuga, 229,000 dola
- Distri Ponpye King Ferry, Konte Cayuga, 824,000 dola
- Konte Oswego, Konte Oswego, 400,000 dola
- Distri Ponpye Sennett, Konte Cayuga, 1,000,000 dola
- Distri Ponpye Smithfield, Konte Madison, 66,875 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Cazenovia, Konte Madison, 253,084 dola
- Vilaj Weedsport, Konte Cayuga, 52,790 dola
- Kòporasyon Ponpye Volontè Volney, Konte Oswego, 1,000,000 dola

Finger Lakes (8 prim ki totalize 2,605,692 dola)

- Distri Ponpye Branchport Keuka Park, Konte Yates, 475,000 dola
- Asosyasyon Ponpye Volontè Farmington, Inc., Konte Ontario, 1,000,000 dola
- Depatman Ponpye Kendall Inc., Konte Orleans, 114,000 dola
- Vilaj Geneseo (Konte Livingston), 19,233 dola
- Depatman Ponpye Volontè Vilaj Manchester, Konte Ontario, 296,000 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Red Creek, Konte Wayne, 264,741 dola
- Vilaj Waterloo, Konte Seneca, 391,331 dola
- Konte Wyoming, Konte Wyoming, 45,387 dola

Long Island (7 prim ki totalize 1,194,425 dola)

- Konpayi Alert Engine Hook Ladder and Hose No. 1, Konte Nassau, 95,000 dola
- Vil Glen Cove, Konte Nassau, 287,324 dola
- Distri Ponpye Halesite, Konte Suffolk, 145,000 dola
- Distri Ponpye Huntington Manor, Konte Suffolk, 164,601 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Enkòpore Amityville, Konte Suffolk, 125,000 dola
- Distri Ponpye New Hyde Park, Konte Nassau, 188,000 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Lynbrook, Konte Nassau, 189,500 dola

Mid-Hudson (7 prim ki totalize 2,357,959 dola)

- Buchanan Engine Company No 1 Inc., Konte Westchester, 425,000 dola
- Distri Ponpye Lak Kauneonga, Konte Sullivan, 82,215 dola
- Distri Ponpye Kerhonkson, Konte Ulster, 388,050 dola
- Distri Ponpye Pearl River, Konte Rockland, 107,015 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Suffern, Konte Rockland, 256,679 dola
- Vilaj Tivoli, Konte Dutchess, 1,000,000 dola
- Distri Ponpye West Nyack, Konte Rockland, 99,000 dola

Mohawk Valley (8 prim ki totalize 3,857,616 dola)

- Caroga Lake Volunteer Fire Company Inc, Konte Fulton, 56,900 dola
- Distri Ponpye Columbia Litchfield, Konte Herkimer, 126,730 dola
- Depatman Ponpye Middleburgh, Konte Schoharie, 58,775 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Cooperstown, Konte Otsego, 488,211 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Milford, Konte Otsego, 377,000 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Oriskany, Konte Oneida, 750,000 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Richfield Springs, Konte Otsego, 1,000,000 dola
- Distri Ponpye West Edmeston, Konte Otsego, 1,000,000 dola

North Country (4 prim ki totalize 2,488,223 dola)

- Distri Ponpye Adams Center, Konte Jefferson, 1,000,000 dola
- Distri Ponpye Parishville, Konte St. Lawrence, 157,499 dola
- Distri Ponpye Port Henry #3, Konte Essex, 1,000,000 dola
- Vil Gouverneur/Gouverneur Fire Company Inc., Konte St. Lawrence, 330,724 dola

Southern Tier (8 prim ki totalize 3,031,569 dola)

- Distri Ponpye Konjwen Andes, Konte Delaware, 40,200 dola
- Coventry Volunteer Fire Company, Inc., Konte Chenango, 1,000,000 dola
- Distri Ponpye Delhi, Konte Delaware, 298,800 dola
- Distri Ponpye Erin #1, Konte Chemung, 390,205 dola
- Depatman Ponpye Painted Post, Konte Steuben, 261,578 dola
- Distri Ponpye #1 Vil Colesville, Konte Broome, 593,000 dola
- Distri Ponpye Vestal, Konte Broome, 418,895 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Odessa, Konte Schuyler, 28,891 dola

Lwès Nouyòk (7 prim ki totalize 3,342,841 dola)

- Distri Ponpye Forks Nimewo 3, Konte Erie, 182,576 dola
- Konpayi Ponpye Volontè Harris Hill, Konte Erie, 453,849 dola
- Depatman Ponpye Volontè Endepandan Kiantone, Konte Chautauqua, 560,480 dola
- Distri Ponpye River Road #3, Konte Erie, 750,000 dola
- Distri Ponpye Vil Eden, Konte Erie, 373,911 dola
- Depatman Ponpye Vilaj Angola, Konte Erie, 1,000,000 dola
- Vilaj Lancaster, Konte Erie, 22,025 dola

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Ponpye volontè yo se pi bon egzanp pèsonalite Nouyòkè yo, avèk jenewozite lespri ak yon devouman pou ede yon vwazen nan moman bezwen. Finansman sa a pou Depatman Ponpye Sennett nan distri mwen an pral ede asire yo gen enstalasyon ak zouti yo bezwen pou kontinye travay enpòtan yo pou pwoteje moun ak pwopriyete kont difè. Mèsi Gouvènè Hochul pou sipò li te bay ponpye brav sa yo nan kominote nou an."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Premye sekouris nou yo pa ka pwoteje kominote nou yo yon fason ki efikas san ekipman ki nesesè yo. Envestisman sa a nan depatman ponpye volontè tankou Buchanan pral asire yo gen zouti yo bezwen pou fè travay yo san danje epi yon fason efikas, tout pandan y ap diminye chay finansye sou kontribyab lokal yo. Mèsi a kòlèg lejislatif mwen yo pou èd yo nan jwenn finansman sa a epi mèsi a Gouvènè Hochul ki te byen vit distribye finansman esansyèl sa a bay premye sekouris nou yo."

Senatè Eta Monica R. Martinez, te deklare, "Volontè k ap pwoteje eta nou an kont difè yo dwe gen tout sa yo bezwen pou akonpli misyon sa a. Envestisman enpòtan sa a nan depatman yo atravè eta a, tankou isit la nan Long Island, pral pi byen pèmèt pèsonèl ponpye volontè Nouyòk yo reponn a ijans yo yon fason ki an sekirite epi efikas."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Nou te devlope pwogram V-FIRE a paske depatman ponpye volontè nou yo te riske lavi yo pou kominote nou yo, epi yo bezwen ekipman modèn ak kapasite repons ijans pou yo ka fè travay yo an sekirite nan mitan yon demann pou sèvis yo k ap ogmante san rete. Mwen kontan anpil pou m wè dezyèm faz finansman V-FIRE a ap soti, sa gen ladan l anpil nan kazèn ponpye nou yo atravè Hudson Valley ak Catskills yo. Sibvansyon atravè V-FIRE a pote yon benefis dirèk pou

sekirite piblik, epi li soulaje tou chay finansye sou kontribyab lokal yo etandone gwo depans pou bezwen kapital yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske li rekonèt nesesite pou finansman sa a, epi felisitasyon pou tout depatman ponpye yo te chwazi nan dezyèm tou sa a. N ap kontinye defann envestisman ki pral ede plis kazèn ponpye nan tout rejyon an."

Senatè Eta Lea Webb, te deklare, "Mwen kontan tande ke Distri Ponpye Vestal la pral resevwa 418,895 dola atravè Pwogram Sibvansyon V-FIRE a. Pwogram eta sa a bay yon sipò finansye vital pou depatman ponpye volontè lokal nou yo, ki bay tan yo yon fason dezenterese pou pwoteje kominote nou yo. Avèk finansman sa a, depatman lokal nou an ap kapab amelyore enstalasyon yo, konpanse ogmantasyon pri ekipman yo, epi sipòte premye sekouris yo."

Senatè Eta a, Pat Fahy, te deklare, "Nan Eta Nouyòk, nou konte anpil sou ponpye volontè nou yo ak premye sekouris yo, kidonk li gen yon enpòtans kapital pou nou ba yo sibvansyon yo bezwen pou asire sekirite yo epi amelyore enstalasyon yo ak kapasite entèvansyon yo. Pwogram Sibvansyon V-FIRE a amelyore sekirite pou rezidan yo ak sekouris yo san distenksyon, li diminye ekspozisyon a eleman kanserijèn atravè amelyorasyon ekipman ak sistèm retire gaz echapman epi li kreye espas pou envestisman rekò nan fòmasyon. Sibvansyon sa a, ki jis anba 1 milyon dola pou Distri Ponpye Beukendaal No 5 nan Scotia, pral konpanse presyon finansye ogmantasyon pri materyèl yo, sa ki evite rezidan yo peye bòdwo pou amelyorasyon sekirite ki pa negosyab. Mèsi Gouvènè Hochul paske li wè bezwen sa a, li ede rezidan nou yo grasa envestisman nan depatman volontè yo, epi li bay priyorite a sekirite ak fòmasyon pou Sèvis Ponpye Volontè Nouyòk la."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Mwen te sipòte Pwogram Sibvansyon Enfrastrikti ak Ekipman Repons pou Ponpye Volontè (V-FIRE) nan bidjè Eta Nouyòk nou yo epi mwen apresye wè finansman yo ap delivre bay depatman ponpye volontè nou yo ki non sèlman pwoteje nou men tou ede ekonomize lajan kontribyab yo. Pwogram Sibvansyon V-FIRE a sipòte ponpye volontè nou yo epi li ede kenbe yo an sekirite avèk ekipman ak enstalasyon modèn. Pwogram sa a, Pwogram Alokasyon pou Ponpye Volontè a, ak lòt efò lejislatif yo se egzanp règleman nou aplike pou montre depatman ponpye volontè nou yo ke nou apresye tout sa y ap fè epi ke nou pral kontinye sipòte ponpye volontè nou yo ak travay enpòtan yo a."

Manm Asanble Steve Stern, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta Nouyòk la pou sibvansyon kapital enpòtan ke yo te bay Distri Ponpye Huntington Manor la. Sibvansyon sa a pral sipòte amelyorasyon enstalasyon ak modènizasyon ekipman pou manm kominote a ki ewoyik ak dezenterese ki riske lavi yo, ki pase tan lwen fanmi yo epi ki pase anpil tan ap fòme pou asire sekirite kay nou yo ak fanmi nou yo. Anplis de sa, finansman sa a pral ede tou diminye chay taks sou rezidan yo lè li bay resous ki nesesè anpil pou amelyore ekipman ak enstalasyon fòmasyon pou ponpye lokal nou yo, ki merite rekonesans nou ak sipò enpòtan nou an."

Manm Asanble Judy Griffin te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè Depatman Ponpye Vilaj Lynbrook la resevwa 189,500 dola atravè Pwogram Sibvansyon V-FIRE la. Envestisman sa a pral ede sipòte gason ak fanm brav ki reponn a apèl la lè kominote nou an pi bezwen yo, tout pandan l ap soulaje fado finansye sou kontribyab lokal yo. Ponpye volontè LFD yo sèvi Lynbrook ak kominote a an jeneral avèk efikasite, epi mwen vrèman rekonesan pou devouman, dilijans ak sakrifis yo. Paske Lynbrook se yon vilaj aktif ak yon sant vil ki gen anpil aktivite, depatman an toujou bezwen amelyore ekipman ak machin yo, epi tou kenbe kazèn ponpye yo an bon eta. Finansman vital sa a pral ranfòse kapasite repons ijans yo, pou asire yo ka pwoteje plis pase 20,000 rezidan nou yo san danje epi yon fason efikas. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt wòl vital ponpye volontè nou yo jwe a epi paske li kontinye envesti nan sekirite kominote Nassau tankou Lynbrook."

Manm Asanble, Marianne Buttenschon te deklare, "Mwen fyè anpil de travay ponpye volontè nou yo fè chak jou pou pwoteje ak sèvi kominote kote nou rete, travay, ak vwayaje yo. Yo toujou la lè nou bezwen yo, epi mwen rekonesan pou devouman ak sakrifis yo. Mwen rekonesan pou wè Depatman Ponpye Oriskany resevwa finansman enpòtan sa a, epi m ap kontinye defann pou asire ke depatman volontè yo nan tout distri mwen an gen opòtinite pou yo konsidere finansman nan pwochen faz yo."

Madanm asanble Dana Levenberg te deklare, "Ponpye volontè nou yo ak kominote y ap pwoteje yo merite pi bon ekipman ak enfrastrikti yo. Yon sibvansyon 425,000 dola se yon bon nouvèl pou Buchanan Engine Company No 1. Mwen vrèman rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak administrasyon li pou atansyon kontinyèl yo bay bezwen sekirite piblik distri mwen an."

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a
Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a bay ponpye yo, sekouris ijans yo, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen Nouyòk yo yon pakèt sèvis varye. Biwo a fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon dife, ankèt, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovtaj. Sèvis esansyèl sa yo pèmèt biwo a fè kontribisyon ki enpòtan nan sekirite tout Eta Nouyòk.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans
Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook DHSES la, swiv @NYSDHSES sou X oswa ale sou dhses.ny.gov.

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a.aprann plis nan dhses.ny.gov/emergency-alerts.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.